

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan hiji daérah atawa hiji nagara biasana ditandaan ku ayana sésa-sésa peninggalan nu sipatna matérial umpamana candi, istana, masjid, atawa bangunan séjénna. Biasana ogé manusa jaman kiwari téh tara sadar yén titinggal kabudayaan téh lolobana dina wangun tulisan. Padahal tina éta tulisan-tulisan téh jalma nu maca bisa meunang gambaran leuwih jéntré ngeunaan alam pikiran, adat-istiadat, kapercayaan, jeung sistem kahirupan jelema jaman baheula.

Karya sastra dina wangun tulisan nu aya di hiji lingkungan masarakat mangrupa gambaran kahirupan masarakat éta sorangan. Di wilayah tatar Sunda, salah sahiji kabudayaan Sunda dina widang tulisan nya éta naskah atawa *manuscript*. Naskah mangrupa objek kajian filologi sabab mangrupa tulisan anu ngandung rupa-rupa eusi pikiran jeung perasaan minangka hasil tina kabudayaan. Barried (1985) nétélakeun yén anu disebut naskah téh nya éta: “*Objek penelitian filologi yang konkret yang berupa tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan hasil budaya bangsa masa lampau*”.

Naskah (*manuscript*) mangrupa sastra heubeul nu dina jaman kiwari geus teu pati dipikawanoh, tara dibaca jeung bisa jadi teu pernah kadéngé deui ngaranna ogé. Hal éta bisa dilantarankeun can lobana karya sastra heubeul nu digarap nepi ka jadi hiji bacaan nu bisa dipikaharti ku balaréa, sedengkeun buku aslina nu mangrupa tulisan jumlahna kawatesanan jeung naskahna ogé loba nu teu apal di mana ayana.

Lian ti éta, dina jaman kiwari naskah-naskah Sunda loba anu leungit. Leungit di dieu maksudna bisa leungit wujud naskahna atawa leungit ma'nana lantaran teu apal kana eusi naskahna. Leungitna naskah éta téh bisa dilantarankeun kurangna kasadaran masarakat kana widang naskah, rusakna tempat neundeun naskah, rusakna kertas nu dipaké nulis naskah jeung bisa ogé lantaran jalma nu boga naskah henteu nurunkeun naskahna ka jalma séjén.

Héséna kolot baheula dina ngawariskeun atawa nurunkeun naskah ka jalma kiwari atawa ka jalma nu rek nalungtik naskah téh lantaran urang Sunda baheula boga keyakinan yén naskah téh benda sakral nu teu bisa sagawayah dibuka,

Yedi Sudrajat, 2016

Ajén Kaagamaan Dina “Wawacan Samaun” (Ulukan Filologi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dibaca, jeung dipimilik ku saha waé. Padahal, dina naskah-naskah téh bisa ngandung sababaraha hal anu penting pikeun kahirupan masarakat jaman kiwari. Upamana waé ngandung sajarah, budaya, sastra, pangaweruh kaagamaan, pangaweruh kanagaraan, do'a-do'a jrrd.

Naskah jeung eusi naskah téh perlu pikeun disalametkeun. Salasahiji tarékah pikeun nyalametkeunna, diantaranya ku cara ditalungtik. Wangun panalungtikanna bisa transliterasi kana hurup anu bisa dibaca ku jalma réa, atawa ngaguar eusi naskah disawang tina sababaraha jihat sawangan. Nurutkeun Ikram dina Fathurahman (2015, kc 12) studi ngeunaan naskah kacida pentingna pikeun ngeuyeuban pangaweruh sosial budaya, nu bisa jadi salasahiji cara pikeun mikawanoh jati diri bangsa.

Ditilik tina eusina, naskah Sunda réa dina wangun wawacan. Wawacan nya éta wacanaan tina kecap “waca” atawa “baca” anu hartina sagala rupa anu dibaca. Tapi istilah “wawacan” mah henteu ngurung sagala rupa anu bisa dibaca, da ngan nuduhkeun kana hiji rupa wangun sastra anu mangrupa dangding, biasana mangrupa carita (Rosidi, 2011, kc. 11).

Aya sababaraha aksara nu dipaké dina dina naskah-naskah nu geus kapanggih di tatar Sunda, di antarana aksara Sunda Kuna, Buda/Gunung, Jawa (Cacarakan), Pegon jeung Latén. Ruhaliah (2012, kc. 9) nétélakeun yén naskah Sunda nu maké aksara Arab téh jauh leuwih loba dibandingkeun jeung naskah-naskah Sunda nu maké aksara séjénna.

Kitu ogé nurutkeun Sumardjo (2015, kc 121) kalolobaanana naskah-naskah di Jawa Barat ngagunakeun hurup Pegon nu sumberna tina aksara Arab, sésana aksara Cacarakan (aksara Jawa-Sunda) jeung aksara Latén. Basana Sunda, Jawa, Cirebon atawa campuran tina éta tilu basa.

Jalma jaman kiwari geus sakuduna ngajaga jeung ngariksa naon nu jadi titinggal kolot baheula, salah sahijina ku ngaguar jeung nalungtik naskah. Ku ngaguar eusi naskah, jalma jaman kiwari bisa wanoh kana pola pikir, kalakuan jeung kaayaan masarakat baheula. Lian ti éta, loba pangaweruh nu aya dina naskah nu masih saluyu jeung bisa dipaké dina kahirupan kiwari. Kitu ogé naskah Wawacan Samaun nu mibanda salasahiji ajén budaya, nya éta ajén kaagamaan nu bisa mawa mangpaat dina jaman kiwari.

Wawacan Samaun mangrupa naskah wawacan nu ditulis maké hurup Arab Pégon, basana basa Sunda. Lantaran kitu, teu sakabéh jalma bisa maca jeung ngarti kana éta Wawacan Samaun. Ku kituna sangkan éta naskah leuwih gampang dibaca jeung eusina bisa dipikaharti, perlu ayana panalungtikan siga transliterasi kana aksara Latén jeung ngaguar eusi éta naskah. Naskah Wawacan Samaun téh diwangun ku rupaning pupuh tur ngandung carita nu ngaguluyur.

Loba pisan mangpaat nu bisa kacangking tina ieu panalungtikan. Pikeun widang basa, ieu panalungtikan téh bisa nambahan kabeungharan kandaga kecap. Pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung bisa leuwih neuleuman kana karya sastra buhun wanda carita wawacan. Pikeun widang atikan, ieu hasil transliterasi naskah Wawacan Samaun bisa dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun di sakola.

Lian ti mangpaat di luhur nu geus disebutkeun, naskah Wawacan Samaun téh ngandung ajén kaagamaan kayaning tauhid, fikih, ahlak anu kuat nu bisa dijadikeun cecekelan jalma jaman kiwari, lian ti éta Wawacan Samaun gé bisa dijadikeun eunteung atawa conto tina kajadian jeung carita dina éta wawacan.

Panalungtikan dina wangun skripsi ngeunaan naskah Sunda buhun saméméhna geus kawilang loba, di antarana, "Ajén kaagamaan dina Wawacan Syeh Abdul Kodir Jaélani" ku Ai Sadiyah (2006), "Wawacan Abu Nawas: Transliterasi jeung Analisis Struktural Semiotika" ku Ranti Purnama Dewi (2012), "Ajén Budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh pikeun Bahan Pangajaran di SMP" ku Dewi Handayani (2012), "Struktur Wawacan Jaka Sundang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP" ku Arif Heryana (2011), "Wawacan Budiman Analisis Struktural Semiotik pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA" ku M. Riza Khairullah (2012), "Transliterasi jeung Analisis Struktural Naskah Wawacan Gandamanah" ku Euis Ratna Suminar (2014), jrrd.

Ajén agama anu aya dina naskah kacida pentingna pikeun dipikanyaho ku balaréa supaya bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Wawacan Samaun pernah ditalungtik ku Aniq Ziyatul Jannah nu judulna "Analisis Struktur Wawacan Samaun pikeun Bahan Pangajaran di SMA kelas XII", bédana aya dina puseur panalungtikanana nya éta ngeunaan ajén kaagamaan anu dumasar ajén

agama Islam. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Kaagamaan dina “Wawacan Samaun” (Ulukan Filologi)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahna. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Kumaha deskripsi naskah Wawacan Samaun?
- b) Kumaha édisi téks naskah Wawacan Samaun?
- c) Kumaha ajén kaagamaan dina Wawacan Samaun?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda, mikanyaho hasil édisi téks, jeung ajén kaagamaan dina naskah Wawacan Samaun, hasilna ieu panalungtikan ogé bisa dipaké dina panalungtikan saterusna.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum di luhur, ieu di handap dituliskeun tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun wangun jeung eusi naskah Wawacan Samaun;
- 2) Nyusun édisi téks naskah Wawacan Samaun;
- 3) Ngadéskripsikeun ajén kaagamaan anu nyampak dina Wawacan Samaun.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Sacara teoritis mangpaat ieu panalungtikan nya éta pikeun ngajaga eksistensi jeung ngaguar naskah-naskah buhun nu mangrupa warisan karuhun. Ku ayana filologi, naskah-naskah téh bisa kapaliré jeung kapiara deui. Lian ti éta hasil ieu panalungtikan bisa digunakeun dina widang paélmuan séjénna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta:

- a) Pikeun widang basa, bisa nambahan kabeungharan kandaga kecap;
- b) Pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung neuleuman kana karya sastra buhun widang wawacan;
- c) Pikeun widang atikan, hasil transliterasi ieu naskah Wawacan Samaun bisa dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I

Bab I eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis skripsi.

Bab II

Bab II eusina mangrupa bab ngeunaan ulikan tiori. Dina bab II dipedar ngeunaan filologi, transliterasi, wawacan, jeung ajén kaagamaan.

Bab III

Bab III medar ngeunaan metode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, jeung ngumpulkeun data. Dina ngumpulkeun data aya instrumén panalungtikan, jeung tehnik ngumpulkeun data. Sedengkeun anu pamungkas nya éta analisis data.

Bab IV

Bab IV mangrupa bab nu medar ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan. Dina bab IV dipedar ngeunaan deskripsi naskah Wawacan Samaun, hasil édisi téks, jeung analisis ajén kaagamaan. Dina ieu bab ogé dipedar sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

Bab V

Bab V medar ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta aya saran nu ditepikeun ka nu maca pikeun kahadéan ka hareupna.